АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№9 (10056)
РУЗМАН
10 март 2023 сон
17 ШАГIБАН 1444 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багъа эркенаб

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

## Руччабазул къоялъул хIурматалда

**Ихдалил тIоцебесеб байрам кIодо гьабун, 7 марталъ райадминистрациялда тIобитIана мобилизациялда рекъон хасаб рагъулаб операциялда ругезул хъизанал ва улбул гIахьаллъараб гьитIинабго дандчIвай.**



Районалъул бетIерас жиндирго кабинеталда гьабуна гьезие гIодорчIей, баркана руччабазул байрам, кьуна сайигъатал. - ВатIаналъул тIалаб тIубалел ругел гIолилазул къвакIаб тыллъун нуж рукIин буго кIудияб рохел,- ин абуна М.ХIасановас баркиялъул кIалъаялда.

ЦIакъ хIайранаб, аваданаб хIалалда араб дандчIвай берцин гьабуна жалго рагъухъабазул рахъалдаса баркиязги. Дандельиялде вачIарав ТIидиса ГIабдулмуслимов МухIамадица ва телефоналдасан бухьен гьабурав ХIебдаса Расулов МухIамадицаги данделъарал руччабазда байрам баркана.

Гьебго къоялъ ХIебда маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана руччабазул хIурматалда байрамияб тадбир.

Гьеб рохалилаб тадбиралде щвана администрациялъул идарабазул нухмалъулел, гьезул хIалтIухъаби-руччаби ва байрамияб тадбиралда гIахьаллъизе бокьаралщинал. Гьединго гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, райсобраниялъул председатель М.Хизроев, ОМВДялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов, районалъул прокурор ИсмагIил ИсмагIилов, Шамил районалъул руччабазул Советалъул нухмалъулей У.ГIалибегова, райадминистрациялъул хIалтIухъаби, батIи-батIиял идарабазул нухмалъулел ва вакилзаби.

Байрамалъе хIайранаб байбихьилъун букIана ХIебда ясли-ахалъул гьитIичаз гьабураб берцинаб церерахъин.

Баркиялъулаб кIалъай гьабизе тIоцебесеб рагIи кьуна районалъул бетIерасе.

«Гьаб ихдалил берцинаб байрам чIужугIаданалъул къиматалъул гIаламатлъун буго кидаго. Улбуздехун, лъудбуздехун, ясаздехун ва яцаздехун хасаб рокьигун ва хIеренлъигун тIобитIула гьаб къо. Кутакалда кIвар буго чIужугIаданалъул бихьинчиясул гIумруялъулъ. Гьаб хIалуцараб заманалда чIужугIаданалъухъа бажарула хъулухъалда йикIинеги, лъималазе тарбия кьезеги, жамгIияб хIалтIулъ жигараб бутIа лъезеги, гъалатI биччачIого хъизаналъулаб гIумру бачинеги. Гьеб киналъухъго руччабазе буго ракI-ракIалъулаб баркала. Биччанте даимго талихI нужер гьурмаздаса унгутIизе, хIурматиял руччаби»,- ян абуна баркиялъулаб кIалъаялда МухIамад ХIасановас. Районалъул бетIерас байрам баркигун, районалъул администрациялъул гIуцIабазда хIалтIулел, ракIбацIцIадго хIалтIи тIубалезе-руччабазе кьуна баркалаялъул кагътал, тIугьдузул квацIаби ва гIарцулал сайгъатал.

(Ахир 2-леб гьум.)





■ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

## ГьитIинамухIамадов МухIамад

**Араб анкьалъ цойги нилъер ракьцояв мустахIикълъана къиматаб пачалихъалъулаб шапакъаталъе.**



**НИЖЕР БАЯН:**




*ГьитIинамухIамадов МухIамад Набиевич гьавуна 1984 соналъ Гъизилюрт шагьаралда. 2002 соналъ гьес лъугIизабуна Ругъелда гьоркьохъеб школа. 2003 соналъ МухIамад ана тIадаб рагъулаб налъи тIубазе. Армиялда гьабулеб хъулухъ лъугIарабго, хъван контрактгун 2005 соналъ цIализе лъугьана Новосибирск шагьаралда бугеб МВДялъул институталде. Гьеб лъугIигун МухIамад Набиевич хIалтIана жанисел ишазул органазда. 2016 соналъ гьесие кьуна майорасул цIар. 2017 сонaлдаса нахъе хъулухъ гьабулеб буго Калуга областалъул Росгвардиялъул Управлениялда. 2022 соналъул май моцIалдаса сентябрь моцIалде щвезегIан гIахьаллъана Донбассалда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда.*

Гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ гьаб соналъул 27 февралалда гьесие щвана пачалихъалъулаб шапакъат «Жуковасул цIаралда» бугеб медаль.

Щиб ракьалда ругониги нилъер ракьцояз районалъул цIар борхатго ккун буго.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ ЛЪАЗАБИ

## Конкурс «МархIаба, Рамазан»

«Цолъи» газеталъул редакциялъ ва Шамил районалъул дагIваталъул отделалъ лъазабулеб буго конкурс «МархIаба, Рамазан».

РахIматал цIикIкIараб Рамазан моцI кIодо гьабизе мурадлъун бугеб конкурс тIобитIизе буго районалъул 5-11 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб 13 марталдаса 23 апрелалде щвезегIан. Шагьру-Рамазан бачIиналдаса рохел загьир гьабулел, гьеб моцIалъул хиралъаби рагьулел кочIол мухъал хъван ритIизе ккола газеталде. Ункъмухъил кучIдул рукIине бегьуларо 5 куплеталдаса цIикIкIарал. Гьел рахъизе руго Рамазан моцI лъугIизегIан газеталъул гьурмазда, хадур бищун лъикIал тIаса рищун, кьезе руго шапакъатал.

ХIалтIаби ритIизе бегьула редакциялде: ХIебда росу, им.Шамилил къватI, 50; ялъуни электронияб почалде: gazeta.yedinstvo@mail.ru.

**Редакция ва дагIваталъул отдел**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ РАЙСОБРАНИЯ

29 марта 2023 года состоится очередная сессия районного Собрания депутатов.

На повестку дня на обсуждение внести следующий вопрос:

1. Об итогах оперативно-служебной деятельности ОМВД России по Шамильскому району за 2022 год и задачах по улучшению оперативной обстановки в районе в 2023 году.

С вопросами и предложениями по этому вопросу можете обратиться в райсобрание.

**Тел. 89094801344, 89634180490**

**Президиум райсобрания**

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

ХIамзат ХIАБИБОВ,
ЦIекIоб росдал имам

## Лъималазда Къуръан малъиялъухъ эбел-инсуе бугеб даража

Ассаламу гIалайкум ва рахIматуллагьи ва баракатугь, хириял бусурбаби.

Дие бокьун буго Къуръан цIалиялдалъун нилъее щолеб хиралъиялъул бицине.

Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Цониги шафагIат гьабулеб жо гьечIо къиямасеб къоялъ Къуръан гурого: Аварагги гьечIо, малаикги гьечIо. Къиямасеб къоялъ бачIунила Къуръан берцинав чиясул сураталда ва гьелъ абулила: «Дун буго дуца дунялалда лъазе гьабун букIараб Къуръан, Аллагьас дие изну кьунила дуе шафагIат гьабизе, цинги гьелъ шафагIатги гьабулила».

ТIадегIанав Аллагьас дунял бижилалде цебего жиндирго малаикзабазде ссурату طه -ги يس -ги рещтIанила, азарго соналъ цебехунго.

Цинги малаикзабаз абунила: «КIудияб рохел буго гьаб жододе рещтIунеб умматалъе, жегиги кIудияб рохел буго, гьаб жодоца цIализе лъазабулел мацIазеги».

Цойги Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: Къиямасеб къоялъ жужахIалде унел чагIи жужахIалде ун рахъиндал, алжаналде унел чагIи алжаналде ун рахъиндал, цо-цо Къуръаналъ шафагIат гьабурал чагIазде ракIалде кканила, цойгиязде жододасаги цIикIкIун нигIматал ругилан.

Цо ахIулев чи вахъун вачIунила Аллагьасул рахъалдасан ва гьесги ахIулила: Къуръаналъ шафагIат гьабурал чагIи кир ругелилан, цинги ахIулила: «ЦIале нужеца дунялалда лъазе гьабун букIараб Къуръан: гьелъул щибаб хIарп рикIкIун нужее цо-цо даража бугила, щибаб даражаялда гьоркьобги 100 сонил нух бугеб.»

Цойги бокьун буго бицине лъималазда Къуръан малъаралъухъ щиб кири щолебали эбел-инсуе:

Цо нухалъ бичасул Аварагасде (с.т.гI.в.) аскIове цо гIарабияв вачIанила, дос цIеханила Аварагасда (с.т.гI.в.): «Щиб кириха букIунеб эбел-инсуе лъималазда Къуръан малъаралъухъ яги Къуръан цIализе дол ритIаралъухъ». Аварагас (с.т.гI.в.) абунила, гьеб жинда жаваб кьезе кIолеб жо гурин, гьедигIанги кIудияб жо бугин гьеб. Гьеб мехалъ Аварагас (с.т.гI.в.) гьеб цIеханила Жабраил малаикасда, гьесги гьединго абунила, гьеб жинда жаваб кьезе кIолеб жо гурин, гьеб кIудияб иш бугин. Жабраил малаикас гьеб цIеханила Исрафил малаикасда, Исрафил малаикас абунила гьединго. Исрафил малаикас гьеб цIеханила живго БетIергьан Аллагьасда. Аллагьас абунила Исрафил малаикасда: «Дуца бице салам Аварагасдаги (с.т.гI.в.) абе дуца, гьелъул бугеб кири буго анцIазарго хIеж гьабураб гIанасеб щолеб кири, анцIазарго гIумра гьабун щолеб гIанасеб кириги, анцIазарго гъазаваталда гIахьаллъараб гIанасеб щолеб кириги, анцIазарго бесдалав кванaзе гьавун, анцIазарго бесдаласда ретIел ретIун, гьеле гьедигIанасеб кири щолин лъималазда Къуръан малъарал яги гьеб цIализе ритIарал эбел-инсуе».

Аллагьас нилъее киназего тавфикъ кьейги нилъецагоги лъазабизе ва лъималаздаги хирияб Къуръан малъизе.

АльхIамдулиллагьи раббиль гIаламин.

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

# Руччабазул къоялъул хIурматалда







(Байбихьи 1-себ гьум.)

Гьединго, байрам баркун кIалъай гьабизе рагIи кьуна Шамил районалъул ЦРБялъул бетIерав тохтур Ибрагьим Халиловасе, УСЗНалъул ва КЦСОналъул нухмалъулезе ва цогидазе. Баркизе цере рахъарал нухмалъулез жидерго идараялъул руччабазе сайгъат гьаруна тIугьдул, гIарцул шапакъатал ва баркалаялъул кагътал.



Тадбиралда Дагъистаналъул руччабазул Советалъул рахъалдасан данделъаразда байрам баркизе цее яхъана районалъул руччабазул руцIцIеналъул нухмалъулей У.ГIалибегова. Байрамияб тадбир гьоркьобккун Дагъистаналъул руччабазул Советалъул рахъалдасан Фазу ГIалиевалъул сон тIобитIиялъулъ лъураб кIвар бугеб бутIаялъухъ «За любовь к Отчизне» медаль сайгъат гьабуна У.ГIалибеговалъе.

Районалъул бетIерасул рахъалдаса шапакъатазе мустахIикълъана захIматалда тIокIлъи бихьизабурай кIикъогоялдаса цIикIкIун чIужугIадан.

ХIебда школалъул цIалдохъабаз рикIкIана эбелалде гьарурал хIайранал кучIдул. Церерахъинал гьаруралщиназе сайгъат гьаруна тIугьдул ва сайигъатал. Гьеб къоялда руччабазул рахъалъ абуна гIемерал хинал рагIаби.

Маданияталъул хIалтIухъабаз руччабазе сайгъат гьабураб концерталъулаб программаялда цере рахъана районалъул машгьурал кочIохъаби.

П. ЖАМАЛУДИНОВА



■ АДМИНИСТРАТИВНЫЕ ДЕЛА

**РАСПОРЯЖЕНИЕ**

**ГЛАВЫ МО «ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН» РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**

**от «03» марта 2023 г. №44-р-од**

**О внесении изменений в распоряжения Главы МО «Шамильский район» от 13.12.2016 г. №148-р-од, от 27.12.2019 г №34-р-од и от 20.09.2022 г. №156-р-од**

1. Внести изменения в распоряжения Главы МО «Шамильский район» от 13.12.2016 г. №148-р-од, от 27.12.2019 г.№34-р-од и от 20.09.2022 г. №156-р-од «О создании межведомственной комиссии по неформальной занятости, выявлению резервов налоговой базы и инвентаризации земельных участков и недвижимого имущества», утвердить новый состав межведомственной комиссии, изложив его в следующей редакции:

1. Магомедов К.И.-заместитель Главы МО «Шамильский район», председатель комиссии
2. Рамазанов А.А.- заместитель Главы МО «Шамильский район», зам. председателя комиссии
3. Гитинова П.Д.- ответственный секретарь МКУ «Газета «Единство»», секретарь комиссии
4. Бутаев Г.И.-начальник отдела экономики, земельных и имущественных отношений администрации МО «Шамильский район», зам. председателя комиссии
5. Вагабилов М.И.- начальник финансового отдела администрации МО «Шамильский район», член комиссии
6. Абакаров Ш.А.- директор ГКУ РД ЦЗН по МО «Шамильский район» (по согласованию)
7. Магомедов М.С.- директор ГКУ РД УСЗН по МО «Шамильский район» (по согласованию)
8. Омарасхабов М.М.- главный специалист по муниципальному земельному контролю администрации МО «Шамильский район», член комиссии
9. Магомедов А.С.-ведущий специалист по муниципальному земельному контролю администрации МО «Шамильский район», член комиссии
10. Хизроев Ш.М.- начальник отдела МРИ ФНС России №10 по РД(по согласованию)
11. Начальник Шамильских РЭС, член комиссии (по согласованию)
12. Участковый уполномоченный ОМВД России по Шамильскому району РД, член комиссии (по согласованию)
13. Начальник отдела ФССП РД по Хунзахскому, Тляратинскому и Шамильскому районам (по согласованию)
14. Главы сельских поселений, члены комиссии (по согласованию)

2. Межведомственной комиссии регулярно провести работу:

- По определению собственников объектов недвижимости и земельных участков под коммерческими объектами, проверки вида разрешенного пользования земельных участков
- Проверку наличия правоустанавливающих документов на недвижимость (свидетельства о государственной регистрации на ЗУ и ОКС)
- Проверку наличия на ввод в эксплуатацию объектов капитального строительства
- Проверка государственной регистрации в налоговом органе и уплату налоговых платежей (УСН, патент, земельные и имущественные налоги), в том числе осуществляющими перевозку пассажиров, лицами, предоставляющие услуги в туристическом секторе
- Установление наличия наемных работников и заключенных с ними трудовых соглашений и проверка соответствия «договорной» заработной платы с фактической
- Не реже одного раза в месяц провести заседание комиссии, председателю комиссии представить отчет по результатам проведенной работы ежемесячно в отдел АХО

3. Внести предложения по привлечению к административной ответственности лиц, совершивших правонарушения в соответствии со ст.14.1 и 15.3 КоАП РФ, направить в суды материалы для принятия мер принудительного реагирования по выявленным нарушениям

4. Настоящее распоряжение опубликовать на официальном сайте администрации МО и в районной газете и довести до всех членов комиссии

5. Контроль исполнения настоящего распоряжения оставляю за собой

**Глава МО
«Шамильский район» Гасанов М.И.**

■ ШИГIРИЯБ БОКIОН

# Дун мугIрузул яс йиго

1

Анкьумумулъ батараб
Тухумалъул нух ккурай,
Гьелдасан кьуркьудизе
ЦIиял нухал цIехечIей.
Гьелъул халатаб тарих
ТIолабго рекIехъ лъалей,
ТIаде жубазе бутIа
Дирги бугин божарай.

Реццалъе мустахIикъал
Умумузул цIараца,
ЦIвабзаца гIадин, нухал
ГIумруялъул кунчIулей.
Гьезул даражаялда
Хьвадизе нигат гуреб,
Гьездасан тIокIйорчIизе
Хиялал рекIелъ гьечIей.

ЦIаларабщинаб дугIа
Умумузул цIар рехсон,
РухIазе битIичIого
Дийго дунял гьаричIей.
Гьезул насихIат-малъи
Дурусго тIубачIого,
Дирго къасдазде каву
Кидаго рагьуларей.

Чидаца еццаниги,
Кьибилалъе гIадатай.
Щиб тIокIлъи батаниги,
Гьелъул чIухIи гьабичIей.
Эбел-инсул цо рагIи
ГIумрудул закон кколей.
Кин-кин чи кIалъаниги:
Дун мугIрузул яс йиго!

2

РекIей къабулаб пиша –
Къалам дуе бегIерай,
Дуй гIоло сардил макъу
БокьанагIан бичулей,
Дулъ гьурщулел пикрабаз
Гьаб дуниял сасуней,
Сунареб рекIел кIутIи
Жугьабалъ такрарлъулей.

ТалихIалъул цо лахIзат
Нуж сасун рещтIунарей.
МоцI, цIваби, сардил сасин,
Рогьалилъ лъоб щобил бакъ,
РекIей гIагараб тIалъул
ТIабигIат-гIамал рехсон,
Нуж херхинчIеб щибаб къо
Канаблъун рикIкIунарей.

МугIрузул рукIкIалабахъ
ЦIикун роцIарал иццаз,
Чилун гьурщулеб тарих
Балагьиялъ цIалулей.
Гьанир лъадарун гIурал,
Хвалчад жиндир
цIар хъварал,
Умумузул къадруялъ
Куркьбал гьун,
жан цIикIкIуней.

Жаниб ракI гьалулареб
РагIи кочIолъ лъоларей,
Копое гьеб цIалкIунеб
МацI жиндие кьун гьечIей.

Кьибил жагьалаб пикру
Чидае гьурщуларей,
РакI шигIрабалъ батарай –
Дун мугIрузул яс йиго!

Кьун хадуб хвананиги
РагIи жиндир холарей.
Халатал къотIабаца
Жинца чи гуккуларей.
Тохаб лахIзат балагьун
Чидар ракI лъукъуларей.
Къваридав – пашманасе
Хинаб рагIи батулей.

Дий батараб ритIухълъи
Чидада бичIчIичIелъул,
РичIун каранзул ракIгун
КочIое гьеб чучулей.
Кьурабазулъ бижараб
Чан гьениб таруларо,
Чанлъун гьаний ятарай,
Дун мугIрузул яс йиго!

3

ЦохIо жиб ккараб рокьуй
Хилиплъи букIунарей.
БитI ккечIеб батаниги,
Гьелъий нагIана кьечIей.
ХIалалав гьудулилан
ЦIар чIвазе щвечIониги,
РакIалъ ахIулеб кочIолъ
ЦIар цойги рехсоларей.

Каранзулъ хIебтIичIилан,
РагIабаз гьеб чучичIей.
ХIехьезе хIал гIечIилан,
КъватIибе гьурщуларей.
Биун чаран лъурабцин
ТIулил ракI хIекканиги,
ХIасратаб цохIо лахIзат
РекIеласе кьун инчIей.

Гьединаб жиб гьалагаб,
Квелъ щибали лъалареб.
Гьединаб жиб сабураб,
РекIел сангар бахъинчIеб.
Гьединаб жиб къадруяб,
ЛахIзатазе къуличIеб.
РекIелъ бугилан гуреб
Рехсезе хIужжа гьечIеб

Жиндирги рокьи бугей,
Гьеб ничIлъун бихьуларей,
Бахьинал рагIабаца
Гьелъул бицен гьабичIей.
ГIадат – гIамал цIунарай,
ЦIар жиндирго берцинай,
Бицун щай гIемер хабар:
Дун мугIрузул яс йиго!

4

Заманалъул бакънихъе
Хасият хисуларей.
ХириябщинаБ бичун
Учузаб босуларей.
Даимлъиялъ малъараб
ЦIираккияз кIоченчIей.
Чидай бахьин йихьизе
ГIагараб какуларей.

Жакъа заманалдасан
Галиялъ цее инчIей.
Нахъа хутIизе гурин
ЛахIзаталъги хIинкъичIей.
ГIасрабаз хисулареб
МугIрузул закон лъалей.
Гьелъул гIурхъи бахъунин
Жеги бадибчIвай щвечIей.

ГIумру лъалез беццичIеб
ГIамал напсалъ босичIей.
РакI басандулеб асар
Цо лъараб такрарлъичIей.
ХIасратаб гIолохъанлъул
Ихал жинда рекIинчIей.
Гьелъ кьолелщинал ресаз
ГIакълу жиндир къосинчIей.

ЯчIанщинаб бакIалда
Жиндир кколеб бакI лъалей.
БакIал къоял рихьунин
Сабруялъ рехун течIей.
РекIунареб чIоралъе
Ишанал ургъуларей.
Ургъелаз къвал баниги
Гьеб тIадчIван тIатунарей.

ТIадагьал хиялаца
Хасият квегъуларей.
Дир рекIей къабуллъичIеб
Чидае гьабуларей.
Лъалаго тIекълъи биччан
Чи инжит гьавуларей.
Гьединал дарсал щварай,
Дун мугIрузул яс йиго.

5

Ясазул читIиралъулъ
Маргъаллъун ятаниги,
Йижараб «ралъдай» гуреб,
Диего рецц гьабичIей.
Ихдаде гьветI гIадинан
ТIегьан йикIин лъаниги,
ТIегь базе гьеб чIил кьураб
Кьибил дахIа гьабулей.

Дун яккараб сверуда
Нур балин кIалъаниги,
Дун гурин гьей, тIалъуде
Дир рокьийин абулей.
Ракьалда хIетI хъвалареб
Рилълъин бугин бициндал,
Дун гурин гьей,чIухIийин
Ракьалдасайин чIолей.

ПасихIабин дир рагIуй
ГIемер кьимат кьуниги,
Кьиматаб гьаб гIумрудуй
Дандерижиян толей.
Тирилъи, лебаллъиялъ
ГIолилал росаниги,
Цеехъаналъул цIаруй
ЦIаюцIун квер бегьичIей.

Каранзул гIищкъуялъе
Цо герой вищаниги,
Гьесул муза дунилан
Роль дицаго ургъичIей.
Квешал – тохал рахъалги
ТIадхъаликь рахчун течIей,
Гьереси артист гурей –
Дун мугIрузул яс йиго!

6

Руччабазул ихтияр
Бихьинчигун бащадаб,
ГIумруйин абуниги,
ГIадатги кIочонарей.
Законалъ чан ресал кьун
Гьел цере риччаниги,
Бихьиназул цеехъан
Яхъине хиял ккечIей.

Росдал гIурхъи тарабго
Жиндир хьвади хисичIей,
Зоб – ракьалъ даим хадуб
Хал кколеб кIочонарей.
Абураб рагIудаса
Ккараб пикру рихуней,
Гьелъие жаваб кьезе
Рес гьечIеблъи бичIчIулей.

Амма вас кьун рохичIел
Рокьулел улбузеги,
Гьев хIажатаб къо ккедал,
Гьесулги бакI хисулей.
Дун чIужугIаданилан,
ЗагIипай гIаданилан,
ХIал ккаралъуй кидаго
Нахъе къан жий чIоларей.

Йижараб мугIрул тIалъи ,
Мун сундухъго хисичIей.
МагIарухъ росдал гIумру,
ЗахIматабин къуркьичIей.
Гьал цо-цо гIолохъабаз
Беццулеб цIияб гIумру,
Дир кьурдул бакъан гурей –
Дун мугIрузул яс йиго!

7

Дица мугIрузул гIорал,
Кьоял ралагьичIого,
Кьабун бокьаралъуса
Рахъиялда божулей.
Божилъи цо лахIзаталъ
Дидаго билун хадуб,
МугIрузул яс абураб
ЦIар дица гIодоб лъела.

ЦохIо бицараб рагIи
РагIалде бахъичIони,
Бахъун карандасан ракI
Налълуласе хIалалай.
Бажари гIоларелъуй
Цее яхъиналдасан,
Дунго тIокIай гьечIилан
Къокъаб калам бокьила.
Аммаха дун йикIина,
ЙикIина гьаб ракьалда,
Ракьалда тIад хьвадизе
Намусалъ йиччалейлъун!
Аммаха дун хьвадила,
Хьвадила дунялалда,
Дица мугъ сверарабго
НагIана кьолареййлъун!

Кьуругун жиб багъулеб
МугIрул гьури рагIичIищ,
Гьелъ гIумруялъ дарсги кьун,
ГIола гурищ мугIрул яс?!
Жиндир кьибил щулияб
Кьуру чучун бихьанищ,-
Гьеле гIумруги дунги.
Дун мугIрузул яс йиго!

8

Лъица абураб бице,
Лъил пикру ккараб бице,
Гьаримай, загIипайин
ЧIужугIадан рикIкIине.
Гьелъул гьитIинаб рекIел
Къуркьи букIарабани ,
Кьурулъан рехичIого
Асирлъуде инаан.

Гьединал руччабазул
Ирсилайлъун ккелей дун,
Ккаралъуй чарамлъила,
Ккедал гIодизе йиго.
МагIарулалъул рекIелъ
ХIеренлъиги къвакIиги,
Лъицаго малъичIого
Би – гьаналъ лъадарула.
МугIрузул, умумузул
Тарихалъ ва гIумруялъ,
Тарбия жиндий кьечIей –
Гьей магIарулай гуро.

Гъазаваталъул гъалбацI
Дов имам Шамилгицин ,
МагIарул гIадан, дуца
ХIикмалъизе гьавурав.
Щибха бицинеб гьанже
Цойгидал миллатазул,
МугIрузул лаченгицин
Дуда бахиллъун хадуб.

БатIалъи гьечIо заман:
Ракълил я кьалул букIа,
Дур сипат гьоркьоб гьечIеб
Тарих дида лъаларо.
Чанго тIабигIияб гуч
Сабураб сасиналъулъ,
Дур гьиналъ цолъун бугеб,
Цоцалъ рекъон ккун бугеб?!
ЦохIо хасиятаълъ
Гьелщинал хаслъабазул,
Дун магIарулай йиго!
Дун мугIрузул яс йиго!

ГIадатлъи, сабру, къадру
Учузлъуларо даим,
МагIарулай! лъугьунге
Заманаялда хадуй.
ДудагIан гIакълу гьечIел
Кьеризазул пикрабаз,
Дур умумуз бекIкIараб
Нухдасан кьуруге мун.

Даимлъиялде данде
Дагьал ригьал цIаларо,
ЦIадиро гIолохъанлъул
ТIадагьаб букIунеб лъай.
МагIарулалъул мунагь
ТIаса рехун унаро,
Кьойилго такрар гьабе:
«Дун магIарулай йиго!»

РабигIат КЪУРБАНОВА

■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН

## Минтруда Дагестана предупреждает о последствиях неформальной занятости

Основными задачами в сфере социально-трудовых отношений являются легализация теневой занятости, скрытых форм оплаты труда и повышение уровня заработной платы. Ни для кого не секрет, что многие работники получают «серую» заработную плату, не оформляя трудовые отношения с работниками. В первую очередь от этого страдают сами работники. Они не получают пособия по временной нетрудоспособности, отпускные. С их зарплат не платятся налоги, не отчисляются взносы в Пенсионный фонд.

Для назначения пенсии по старости страховой стаж должен составлять 11 лет, минимальное количество пенсионных баллов – 18,6. Для получения минимального количества пенсионных баллов заработная плата работника должна быть не ниже минимального размера оплаты труда.

Работодатель, который выплачивает заработную плату «в конверте», лишает своих работников возможности получить в полном объеме пособие по временной нетрудоспособности, отпускные, оформить банковский кредит и ипотеку, а также получить достойную пенсию в дальнейшем.

Согласно ст. 15 Трудового кодекса Российской Федерации заключение гражданско-правовых договоров, фактически регулирующих трудовые отношения между работником и работодателем, не допускается. Также в соответствии со ст. 56.1 ТК РФ заемный труд запрещен.

Многие условия трудового договора выгодно отличают его от гражданско-правовых договоров, предметом которых является выполнение работ (оказание услуг). Так, например, работник в отличие от подрядчика (исполнителя) подлежит обязательному социальному страхованию на случай временной нетрудоспособности, материнства, от несчастных случаев на производстве и профессиональных заболеваний, имеет право на гарантии и компенсации, установленные трудовым законодательством, работодатель ограничен в возможности прекращения с ним трудового договора.

Как показывает практика, работодатели не предлагают выбора и оформляют с физическими лицами гражданско-правовые договоры вместо трудовых договоров, например, на оказание услуг или выполнение работ. При заключении таких договоров у работника отсутствуют социально-трудовые гарантии, которые предусмотрены трудовым законодательством: на оплачиваемый отпуск и больничный, гарантий при увольнении, сокращении штата и др. Также не будет вноситься запись о работе в трудовую книжку.




За вышеуказанное нарушение, а именно за заключение гражданско-правового договора, фактически регулирующего трудовые отношения, предусмотрена административная ответственная по ч. 4 ст. 5.27 КоАП РФ. Уклонение от оформления или ненадлежащее оформление трудового договора либо заключение гражданско-правового договора, фактически регулирующего трудовые отношения между работником и работодателем, - влечет наложение административного штрафа на должностных лиц в размере от 10 тысяч до 20 тысяч рублей; на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - от 5 тысяч до 10 тысяч рублей; на юридических лиц - от 50 тысяч до 100 тысяч рублей.

В случае отказа работодателя от оформления трудовых отношений, наличия задолженности по оплате труда, выплаты заработной платы ниже МРОТ, а также при иных нарушениях трудового законодательства, гражданам необходимо обратиться с заявлением в Государственную инспекцию труда в Республике Дагестан номер горячей линии (8722) 62-87-93, или обратиться в Прокуратуру Республики Дагестан номер горячей линии (8722) 67-95-24, 62-84-01.

**Отдел экономики МО**

■ БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

## Терапиялъул хIалимал хIалтIухъабазе

Хириял «Цолъи» газеталъул хIалтIухъаби! Гъаб февраль моцIалъул бащалъиялда, дун давлениеги цIикIкIун бахун, егизе ккана больницаялда терапиялъул отделениялда. Нужер газетаги гъоркьоб ккун, дие баркала кьезе бокьун буго ракI унтун унтарасе дару-хер гъабулей врач ХIамзатова Аминатие, хIеренай кIудияй медсестра Мадинатие, цIар-цIарккун хъвачIониги кверал меседилал медсестрабазе, ракI аваданал санитаркабазе, квен кьолей ясалъе, тIолабго коллективалъе.

Дун гIадин Аллагьги разилъаги нужедаса, лъимал-хъизамалдаса рохун тайги, дие гьабураб хъулухъ Аллагьас кирилъун хъвайги нужер, нагагьаб балагьалдаса цIунаги нужги, нужее рокьулелщиналги, ракIалда ругел мурадал тIурайги, кIиябго рукъалдаса рохел щвайги. Кинабго лъикIабщинабги, щулияб сахлъиги гьарула нужее хириял. Амин!

**РАМАЗАНОВА ХIалимат,**
**ХIебда росу.**

■ СПОРТ

# Сомодаса ХIажимурад ГIумаров

**Бицуна лъимаца лъагIел бараб мехалъ, гьесда цебе лъолила къаламги тIилги. Киналдехун гьесул гьетIи бугебали лъазе, ай гIелмуйищ гьес босилеб, яги вехьлъунищ иневали лъазе. Лъаларо ХIажимурадица кинаб тIаса бищараб, амма гьесул гьитIинго рокьи ккана гугариялъул ургуялдехун.**



Школалде цIализе араб соналъго байбихьана гьес гугариялде ругьунлъизе. Къо анагIан рокьи цIикIкIунеб букIана гьелдехун. РекIелъ чIухIигун ракIалде щвезавула гьес тIоцевесев тренер Камалодинов Камил. Цин школазда гьоркьосел къецал, хадур шагьаралъулго, хадуб республикаялъул, хадуб Шималияб Кавказалъул республикабазул, хадуб Россиялъул. Щибаб цеве вахъиналде тIадчIун хIадурлъи. Гьелдаго цадахъ гьоркьоб къотIизе течIого школалда цIалиги. МахIачхъалаялъул №52 школа лъугIигун, цIалана Автодорожный техникумалда. Амма кинаб махщел цIалун босаниги, аслияб гIумруялъул шартIлъун хутIулаан эркенаб гугари.

ВукIинчIо ХIажимурадил цебесеб наслуялъул гьеб спорталдехун вуссарав чи, амма гьасул бидулъго бессун букIана цохIо гугари. БукIинчIо гьасул мурад дунялалдаго цIар арав гугарухъанлъун вахъинги, амма букIана къин гьечIеб къасд цеве вахъине ва бергьине. Къо анагIан щулалъулеб букIана гьеб къасд.

Дун гьесухъе, гьес гIумру гьабулеб Турали поселокалде щвараб мехалъ, ХIажимурад рокъов ватичIого, телефоналъ бухьен гьабуна гьесулгун. Гьев ватана Сочи шагьаралда ругел сборазда. Кинал къецал дур гIагараб заманаялъ рукIине ругел гьикъидал, гьес абуна аслиял къецал, ай Россиялъул чемпионат букIине бугин 17 июналъ. Гьелде щвезегIанги рукIине бегьулин къецал дагьал гIодорегIаналинги абуна.

ГьабсагIат гьев ккола ГIабдурашид СагIадулаевасул клубалда ругьунлъулев чи. Гьесул тренер ГIумаров Шамил ккола СагIадулаевги ругьун гьавурав чи.

Киналго гьес ккурал бакIалги, щварал шапакъаталги гьанир рехсон хIал кIвеларо. Гьезул кIудияб рахас гIела тIиритIани. Рехсела цо-цо гьев гIахьаллъарал кIвар бугел къецал. ТIолгороссиялъул ШихсагIидовасул призалъе гIоло къецазда гIарцулав призер (2019с), Россиялъул чемпионат-4аб.бакI(2020), Дагъистаналъул чемпионат 1- себ бакI (2021,2022), ГIумахановасул турнир-3аб бакI (2021), гьанив гьев бергьана Олимпиадаялъул чемпионасдаса. Болъихъ тIобитIараб халкъазда гьоркьосеб Ю.ГIабдусаламовасул призалъе гIоло къецазда гIарцулав призер, мустахIикълъана 300 аз.гъур.сайгъаталъе(2021), Россиялъул чемпионаталда -3аб.бакI(2022). ГIарцулав призер СКФО-(2021,2022). ГIумаров гIахьаллъана ГI.ГIалиевасул призалъе гIоло, Красноярскиялда Ярыгинил призалъе гIоло къецаздаги. Кидаго гуро бергьенлъиги щолеб, амма гьединал кIвар бугел къецазда гIахьаллъизе киналго гугарухъабазе гуро щолеб. Гьенир гIахьаллъиялъ щола хIалбихьи, камиллъула махщел ва жеги лъикI хадусел къецазда гIахьаллъизе гьираги бачIуна.

ГIумаровасе кьураб характеристикаялда рехсолеб буго гьев вугин бечедаб техникаялъул, гIемерал махщалил приемазул гугарухъан. Россиялъул чемпионаталда (2022 соналъ) гьес хIикмалъизарунин балагьарал Олимпиадаялъул бронзовый призерасдасаги бергьун, берцинаб махщалилаб гугариялдалъун. Гьесул жеги букIинисеб бергьенлъи цебе бугин.

ХIажимурад ГIумаров ккола эбелэменгун цадахъ гIумру гьабулев Турали поселокалда вугониги, Шамил районалъул Сомодаса. Биччанте гьес гIураб росуги, районги жеги чIахIиял бергьенлъабаздалъун рагIизаризе. Икъбалги талихIги, жеги 22 сонил ригьалда вугев гIолохъанчиясе!

**Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

■ НАЛОГОВАЯ ИНФОРМИРУЕТ

### Зачем нужен ЕНС?

Значительные издержки на операции по уплате налогов, масса дополнительных показателей, которые нужно заполнить в платежном поручении, ошибки при перечислении платежей и, как следствие, деньги уходят не туда, по какому-то из бюджетов возникнет недоимка, и, соответственно появятся пени, взыскания.

Все это явилось предпосылками для разработки нового института – Единый налоговый счет.

С внедрением Единого налогового счета мы не только упрощаем процедуру уплаты, объединяя разные суммы в одной платежке, но и исключаем такую ситуацию как наличие задолженности и переплаты по разным платежам у одного плательщика.

Налогоплательщик будет всегда четко, в виде одной суммы понимать свой баланс расчетов с государством – либо имеешь актив в виде суммы на своем счете, либо ты что-то должен – и тогда будет только один документ взыскания.





### Чем ЕНП будет лучше, чем имеющаяся система уплаты налогов и основные изменения для налогоплательщиков?

Вместо большого количества платежей и необходимости указания в них более 900 трлн. вариантов реквизитов денежные средства будут перечисляться единым налоговым платежом (ЕНП) с указанием только двух изменяемых реквизитов - суммы платежа и ИНН налогоплательщика.

Налоговый орган на основе имеющихся у него документов и информации самостоятельно распределит единый налоговый платеж в счет исполнения плательщиком обязанностей по уплате налогов.

Такая система уплаты налогов уже прошла трехлетнюю апробацию и положительно зарекомендовала себя в виде института единого налогового платежа физического лица.

3



### Можно ли будет вернуть переплату?

Да, можно. Причем законопроектом исключается существующий в настоящее время ограничительный 3-х летний период на возврат / зачет. Срок возврата сокращается в 10 раз. Поручение на возврат будет направлено в Казначейство России не позднее дня, следующего за днем после получения заявления от налогоплательщика.

### Срок возврата ЕНП – 1 месяц?

Нет. Налоговая направит в казначейство поручение на возврат на следующий день после получения заявления плательщика.

### Является ли ЕНП авансовым платежом? В какой срок нужно уплатить ЕНП и нужна ли досрочная уплата, при которой деньги «мертвым грузом» будут лежать на счетах ФНС?

Нет, не является. ЕНП это способ уплаты, объединяющий в себе несколько видов платежей. Платить раньше срока не обязательно, только если сам налогоплательщик примет такое решение. Достаточно внести сумму в срок уплаты.

### Если уплатить сумму ЕНП за 1 неделю до срока уплаты её можно вернуть?

Да, неиспользованную сумму ЕНП можно вернуть до срока уплаты налогов, куда она могла быть направлена.

### Исключаются проценты за задержку возврата?

Нет, исключаться проценты не будут, они останутся.

### Сколько нужно платить ЕНП?

Сумма ЕНП равна общей сумме обязанностей по уплате налогов, сборов и страховых взносов. Платить больше или авансом не нужно.

### Изменяется ли порядок расчета налогов?

Нет, не изменяется. Внедрение ЕНС никак не меняет порядок расчета налогов и состав предоставляемой плательщиком информации.

4

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухIамад ХIамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гъоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50